



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY ENSTRIKSYON POU YO METE DRAPO YO A DEMI MA
SOU TOUT BATIMAN ETA A YO DEMEN POU OFISYE KI TONBE A**

"Mwen devaste pa nouvèl lanmò Ofisye Polis Eta New York la, James J. Monda, yon veteran ki gen 18 ane nan Divizyon an ki mouri nan egzèsis fonksyon li pandan li te nan sèvis maren sou Gwo Lak Sacandaga nan dimanch.

Ofisye nou yo sèvi ak pwoteje sitwayen yo nan Eta a epi lè nou pèdi yon manm, nou pèdi yon mòso nan kominote a. Mwen voye priyè ak kondoleyans tout Nouyòkè yo bay tout fanmi, fiyanse ak zanmi Ofisye Monda.

Mwen ap bay enstriksyon pou yo mete drapo yo a demi ma demen sou tout batiman Eta a yo demen jiska antèman an nan lendi pou onore Ofisye Monda. Nou p ap janm bliye sèvis devwe li pou sekirite nou ak Eta nou an".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)